

## Enfòmasyon sou santans lan

### *Kondanasyon Jiska Liberasyon*

Estrikti santans Delaware la bay konfizyon anpil fwa. Si w gen kèk kesyon sou òdonans santans lan oswa posiblite pou yon liberasyon pwovizwa, ou ta dwe kontakte pwokirè a oswa pwogram Viktim/Temwen an.

**Sonje ou gen dwa pou w an kontak ak otorite yo konsènan sa k ap pase ak koupab la apre kondanasyon an.**

---

### *Ankèt Preyalab*

Apre kondanasyon gras ak yon akò pledwari oswa jijman, Jij la ka bay òdone yon Rapò sou Ankèt Preyalab. Yon Rapò Ankèt Preyalab konplè gen ladann yon rezime ofans lan, antesedan akize a ak enfòmasyon sou pèt ak enpak viktим yo. Sepandan, gen kèk fwa lè yo òdone yon rapò pasyèl ki gen ladan sèlman antesedan kriminèl akize a.

Si yo òdone yon Rapò Preyalab konplè, ou ka resevwa yon fòm Pèt/Enpak Viktim nan men Ankèt Preyalab la. Sa a se yon opòtinite pou ou pou w fè moun nan sistèm nan okouran de enpak yon krim te genyen sou lavi ou. Ou ka rele Responsab Ankèt Preyalab lan tou pou bay plis enfòmasyon.

---

### *Kondanasyon*

Tribinal Siperyè a pwonose kondanasyon pou feloni yo. Yon santans ka enplike yon peryòd tan nan pwobasyon, konfinman nan kay, nan yon mezon tranzisyon, nan prizon ak nenpòt lòt kondisyon espesyal. Anpil odyans pou kondanasyon yo fèt apeprè 60 jou apre yo fin deklare yon koupab. Pafwa, kondanasyon yo fèt imedyatman, sa vle di, imedyatman apre yo aksepte yon pledwaye oswa yon kondanasyon nan jijman. Si sa rive, yo pa òdone okenn Ankèt Preyalab epi yo p ap voye yon fòm Pèt/Enpak Viktim ba ou. Se poutèt sa, li enpòtan pou w kontakte pwokirè yo touswit apre kondanasyon an oswa denonsyasyon an pou w ba yo enfòmasyon sou enpak ak restitisyon ou. Si yo fè yon kondanasyon imedyat, pwokirè a ka pale nan non w.

Viktим kèk krim ka pale nan odyans pou kondanasyon an. Mande pwokirè a si sa posib nan ka pa w la. Odyans kondanasyon an louvri pou piblik la.

---

## *Apèl yo*

Lè yo kondane nan jijman, akize a gen dwa fè apèl kont divès aspè nan dosye a. Anjeneral, apèl yo denonse yon vyolasyon pwosedi regilye yo. Sa vle di yo te fè yon erè nan pwosedi a pandan arrestasyon, envestigasyon oswa jijman an. Tribunal ki deside apèl la ka fè plizyè bagay:

1) ranvèse kondanasyon an, 2) voye ka a tounen pou yon nouveau jijman, 3) voye ka a tounen pou re-kondanasyon, oswa 4) konfime kondanasyon an. Pifò nan travay apèl yo fèt atravè yon dokiman jiridik ekri san odyans nan tribunal la. Si akize a te aksepte yon akò pledwari epi li pa ale nan jijman, li pa gen dwa pou fè apèl.

---

## *Modifikasyon Kondanasyon yo*

Akize a kapab depoze tou yon demann pou 1 jwenn yon rediksyon nan kondanasyon an ki dwe depoze nan yon delè 120 jou. Sa a se pou mande pou yo redwi kondanasyon an. Yon odyans pa nesesè. Pafwa, Jij yo akòde yon demann pou rediksyon nan kondanasyon an apre 120 jou yo fini. Ou ka mande pou yo mete w okouran de tout chanjman nan kondanasyon an.

Epitou, dapre nòm Verite nan Kondanasyon an pou reyabilitasyon eksepsyonèl, Depatman Koreksyon an kapab mande tribunal la pou 1 modifye kondanasyon yon kondane. Gen plis enfòmasyon sou pwosedi sa a ki disponib nan seksyon Verite Nan Kondanasyon nan ti liv la.

Malerezman, viktим yo pa gen dwa fè apèl nan kad pwosesis jidisye a si yo pa satisfè ak desizyon pwokirè a, jiri oswa jij la.

---

## *Verite Nan Kondanasyon*

Verite Nan Kondanasyon (TIS) se estrikti kondanasyon ki te antre an vigè an lane 1990. Li aplike sèlman pou koupab ki te kondane apre lane 1990. Verite nan Kondanasyon fèt pou kondane ki plis pa vyolan yo plase nan yon altènativ ki pa prizon, pandan kondane vyolan yo a pase yon tan ki pi long nan prizon. Tout kondanasyon nan prizon pou yon lane oswa plis ap sou sipèvizon kominotè estriktire pou omwen sis (6) mwa apre kondanasyon an. TIS chanje lwa a nan plizyè fason.

- Li aboli yon "dwa" sou libète pwovizwa.
- Li limite kantite tan pou bon aksyon yon kondane nan prizon te kapab benefisyé nan yon ane.
- Li redwi penalite maksimòm yo ka bay pou pifò kategori krim yo epi li kreye de (2) nouveau klasifikasyon felonii.

TIS estriktire yon fason pou kondane yo ap nan prizon pandan dire kondanasyon an. Dapre Verite nan Kondanasyon, kantite tan bon aksyon yon kondane ka benefisye nan yon lane se 90 jou. Se poutèt sa, si yon moun resevwa yon kondanasyon de (2) lane, yo ta ka pètèt lage yo nan yon lane ak nèf (9) mwa gras ak tan pou bon aksyon yo benefisye.

Dapre Verite nan Kondanasyon, Depatman Koreksyon an gen otorizasyon pou chèche modifye kondanasyon yon kondane. Yon demann konsa dwe baze sou "bòn koz," ki ka gen ladan I reyabilitasyon eksepsyonèl yon kondane pandan li nan prizon, maladi grav, twòp moun nan prizon ak lòt faktè yo. Depatman Koreksyon an dwe sètifye kalifikasyon an atravè yon pwosesis entèn. Lè sa a, yo ap voye rekòmandasyon an bay Komisyón Konsèy Libète Pwovizwa a ki pral fè pwòp etid pa li. Apre sa, yo ap voye rekòmandasyon Komisyón Konsèy la tounen bay jij orijinal la ki ka deside pou fè yon odyans oswa pran yon desizyon ki baze sou enfòmasyon yo bay la. Jij la pran desizyon final la sou modifikasyon kondanasyon an. Anjeneral, se atravè dokiman ak/oswa rapò yo fè sa epi li pa louvri pou piblik la.

---

#### *Nivo Kondanasyon Sentac yo*

Nan Delaware, Asanble Jeneral la te kreye Komisyón sou Responsabilite nan kesyon Kondanasyon (SENTAC) an pou etidye epi rekòmande yon solisyon pratik ak pwoblèm sistèm prizon an. SENTAC te devlope yon nouvo sistèm estanda santans ki fèt pou anprizone kondane vyolan yo pandan y ap bay altènativ pou kondane ki pa vyolan yo.